«ОРЭД ТЭМАБГЪОР— Г'ЪЭШІЭРЭ ШІУАГЪ...»

ПОЭТЭУ ЯХЪУЛІЭ СЭФЭР КЪЫЗЫХЪУГЪЭР ИЛЪЭС 80 ЗЭРЭХЪУГЪЭМ ЕХЬЫЛІАГЪ

Ар ныхъугъэм бэлае тетІагъ: я 50-рэ илъэсхэм агузогухэр ары. Районнэ комсомол конференциер кІощтыгъэ. Хэдзыхым Іофыр анэсы, лъытэкІэ куэдым нІофыгъэ еухыфэ загъэпэфынэу рахъухьагъэти, унэм икІыгъэхэри къахэкІыгъэх, ау нахьыбэр къинагъэу куп-купэу захэтыгъэх. Куп пэпчъ сэ нахь нІофэфым тезэрэгъэгущыІэхэу, ныбжьыкІэ фэкІу макъэр залым чІэтыгъ. Ау оныІэ-дэмышІэу а фэкІу макъэ затепІыкІутІукІым зыхэлэжьыІэу зыгорэм ымакъэ шъэбэ-шІу къыдэонгь, ащ нэмыкІ макъэхэри къыгуахъэлэ, орэдым анахьэІэтыгъ:

Чъыгы къутамэхэм тхьапэхэр
макІэу къляфэхы,
Бжьыхьэр къэсыгъэшъы,
сыгу магумэкІ.
Усымылъэгъуэ, гугъум
сыхэтэу къэсахы,
Сызэхэмыхымэ, сэ сигушІысэ
о къыпІэрэкІ.

Жьыбгъэ шъэбэ голоу къежьагъэр зылъыІэсырэм гухэхъо тхъагъо зэрэшыхъоу мэкъэмэ дахэу зымъэзыІэтыгъэр ныбжьыкІэгухэм алъыІэсыгъ, язэхащІэ къыгъэхъыягъ, макъэмэ нахь зыкъыІэтыжа, залыр зэфэдэкІэ зэлъашІагъ... ШІухьафэу ипшынэкІэгу къыгъэбырсырыгъэу, шъхьафэу ежь игумэкІ-игушІогъо шІэфхэм ямашІожь гуапэ дигъэкІэу, орэдыр къызэдаІощтыгъэ:

Мэзэ аблэкІхэм жьы чъмІэтагъэр
къалъэсы,
Илъэсы пІалъэри
гъэтхэ гушІуагъом дикІыгъ.
Гуитіу азыфагурэ
гъогум утетэу къысфэсы,
Сисэ щыщы зыпІыба,
о сигушІысэ, сикъанэгъ.

Ныбжьыкіабэу зэрэугъоигъэм нІофшІагъэхэр, игъэхъагъэхэр, ащ щыкІагъэу афэхъугъэхэр, ахэр зэрэдагъэзыжьыщтхэр, мурад лъагэу зыдаІыгъхэр ушІэфи, къогу-къуалъхьи, телъэшъугъэу имыІэу къалуагъ шъхьэихыгъэу. Джы ежьхэм яныбжьыкІагъэ кІэдагъэолагъэ гууз-гумэкІ шъэфэу зыдаІыгъыхэу, нафэ ашІынкІэ зыфэмыхэр зыкІощІыщьагъэ сатырхэм яскъэлъэ хъугъэхэу, орэдыр мажьынчъ: зэ шъхьаІэ хьылъэшхо горэ къыштеоу уицІыцІэу къыпщахъу, гум ичалъэо макъэ къэлъэшы, рахьатыпІэм уридзэу, узэридзэу кІуачІэ горэ къыоутэкІы. ау жьыхьэрэр мэласэжьы, пшагъо Іуигъур къызэІехы, нэфынэм фабагъэри игъусэу къыплъэІэсы, гугъэ-гушІуагъом зыкъырегъэІэты:

Бгъэм дэмыфэлъэуп
шІулъэгъуныгъэр дэпахьы,
О зыпфэеплъахьэзэ, унагъо
чыжьэ слэгъуп.
Укъысфэсыжьмэ, нэплъэгъу
фабэр къысфахьи,
Псыхъор къэщтыгъэмэ, нэпсы
гушІуагъом дэжъуп.

Аужырэ сатыритІур нахь зыкІыраІэщыжьэ дикъри зэ къаІожьи, орэдым ытамэхэр зигъэпІэлъыхьижьи етІысэхыжьыгъ. Ау арэущтэу зыхъугъэм нэгъуэщІэгъуэ темышІэу, пэмыкІ орэдым ымакъэ жъынчэу, заубгъоу, тэкъоу, кІыфІоу зыкъыІэтыгъ. НыбжьыкІэхэм ары шъэбэкІэ гуэрэ из сигъэзэжьыгъэр. Сызыгъэзэжьыгъэр, сигъэмІэ бгъэраз.
Сызыгушіутэзу, сихэку,
сянэ лъапІэм уфэд,
Адыгеем сигупсэу, сикІас.

А орадхэу ныбжьыкІэхэм зэлъашІэу, къызэлъаІоу щытыгъэхэр Яхъулія Сэфэр щусыгъэ орадых — «Гушіысэ» ыкІи «Адыгеем сикІас» зыфиІохэрэр арыгъэх.

Яхъулія Сэфэр щыІагъэмэ джы илъэс 80 ыныбжь хъущтыгъэ. Поэтым нэгъэсауэ горэм къыщыІотагъ: «Шіуагъэ зэпылъыр — цІыфы Іэшіагъ. ЦІыфыр къэхъугъэмэ — хъярэу тет. ЦІыфыр къэхъугъэмэ — гъэшІэ шІэрэІ». Ары, цІыфым игъашІэ гъэшІэу алъытами, ар поэтми илъэкІэу щытыгъэми, арэущтэу хъугъэ-шІагъэ ежьыркІэ, илъэс 63-м итэу, шышхьэІум и 9-м 1977-рэ илъэсым Сэфэр дунаим ехыжьыгъ.

Яхъулія Сэфэр щыІэныгъэ гъогу хьылъэ, гъогу ин къыкІугъ: ятэу Мыхьамодэ урыс къызэрищагъэм пае лІакъом пигъэзыкІыгъэу, ежь-ежырэу унагъо лъапсэр зыгъэпсын фаеу чІыпІэ хьылъэ нфагъэхэм къафэхъугъ, къызыхъугъэм илъэси 3 нахь темышІагъэу дунаир къутэжьэу, щылакІэр зэпырагъэзэу фежьагъэх. Ащ гушІуагъом, гугъапІэм язакъоп, тхьамыкІэгъуаби къызыдихыгъ. «...Дзэхэр дзкІых, къыдахьэх. ТхьамыкІагъор къыздахьы», — ыонынэ илщыналъэу «Комиссар» зыфиІорэм изэужым къыщиІощт лъэхъаныр зыфэдагъэр къэушыхьатэу. Зэфэдэныгъэм, шъхьафитныгъэм афызэхащэгъэ банэм текІонэгъэ къыщыдэкІыгъэным нахьи бэкІэ нахь къинэгъ а гугъэхэр щыІэныгъэм нэфапІэ щыпшІынхэр. Зэмышіуныгъэм зэфэн-зэрэукІыр къыхэкІыгъ. Аш къыкІэлъыкІуагъэх гъаблэри узыри. Зэкіэмэ зэдырякъипыри кънн, ау ахэмэ акІыІужьэу Яхъулія-мэ къин шъхьаф къатеуагъ: кІэлэ нахьыжъэу Сэфэр илъэси 5 нахь ымынэбжьэу ятэ лІагъэ. Сабыитіу ІыгъынэуІэу, Сэфэр янэу Прасковья Прохоровнар шъузабэу къэнагъ. Хэбзэкъи щымыІэжьэу, хэбзакІэри мытагъэу дунаир зэокІэрызыкъэу хьалэ-балынэгъ. Кулакхэм ныр афачырэу, ащкІэ къыляжьырэм мытхъакэрэми мылІашхэу рыщыІагъ шъузабэ унагъор. Ежь Сэфэри сабый дэдээ чыранэр ригъэжьагъ. Ыужым поэт зыхъукІэ, а сабыигъо къинэгъом игукъэкІыжь дыдэхэр мымакІэу къащыдэуае: чыжьэкІэ усакІор зэпылъэкІынкІышъ, чъыІэ-чъыІэу зелъэгъужьы, чэтэн Іалъмэкъыр шІохалъэгъэу, маланІэ лІэу, къамыщ кІэпщыр ыІэдакъэу зэрэчэмахъощтыгъэр, бжьыхьэ чъыІэм ынэжьгъ зэлэхьагъи, кулак хьалыгъу бзыгъэм илъэпІагъэ афэгъэхьыгъэ гукъэкІыжьхэр нэІум късуцох, бгъэм къыдэтаджэх, бгъэм дэзэрэмыгъэфэкІхэу, охъэ дыдэжым нэлат рахэу усэ сатырхэр къызэкІэзэпІох... Ыгу, ынсэ яІэжьэу поэтым язы усэ къыщІэло: «Сыегъэлъагъэу, сигъхьамыкІэу сихІалэгъуэ сэ бгъэр къыхэзыгъэх. Ахэмэ зэу ащыщыгъ еджапІэгъэсакІэгъэми яІоф. Адрэ сабыи нэгъуэщІэлъагъэми Сэфэри чІэхьагъ, ар къикуи, иэмэуэмэщ хъызмэт техникумым чІахьи, сэнэхьат къучІихыгъ, МТС-м, совхозым лагрономэу Іоф ышІагъ. А лъэхъаныр ары литературэ-творческэ амалэу Сэфэр яІэхэр къызынафэхэрэри. Іэнэтіэ зэфэшъхьафхэм Сэфэр адэгущыІагъ, ау тыдэ зыщІэи, сыд эпшІи, иподтическэ Іофшіэн Іэзэныр ыпшІынгъэ: зэпыу имыІэу тхагъэ. Джащ тетэу чыракІоу, чэмэгъо-Іахьоу ригъажьи, Яхъулія Сэфэр залъашІэрэ поэт, орэдыуэ цІэрыІо хъугъэ, илъэс 40 фэдизкІэ адыгэ литературэм.

Сэфэр урысыбзэкІи адыгабзэкІи тхэщтыгъэ. «Родина» (1940). «Стихи» (1945). «Стихи» (1948). «Всем сердцем» (1957). «С тобою, товарищ» (1963). «Твоими устами» (1966) зыфиІохэрэр урысыбзэкІэ Мыекъуапэ, Краснодар къащыдагъэкІыгъ; «Орэд къэслощт» (1962). «Ытхыгъэмэ ащыщхэр» (1964). «Чъыгун» (1968). «Псыорыпі (1973). «Мэз тамэу си Іиагъэ» (1974) зыфиІохэрэр адыгабзэкІэ къыкнутыгъэх. Поэтым иусэхэр журналхэу «Дон», «Советская Осетия», «Кубань», «Зэкъошныгъэ» зыфиІохэрэмэ, гъэзетхэм ренэу къащыхиутыщтыгъэх. Адыгэ поэтхэм яусэхэр урысыбзэкІэ, урыс поэтхэм яусэхэр, якород пчъагъэхэр адыгабзэкІэ Сэфэр зэридзэкІыкІыгъэх.

Щыіэныгъэм илъэныкъуабэхэр къызэлъаубыты Сэфэр ипхыгъэхэм. Жанрэ зэфэшъхьафхэмкІэ тхэщтыгъэ поэтыр: устхэр, орэдхэр, щыналъэхэр, Іофшіэным илІыхъужьхэм, цІыфыгъэ дахэр зишІуашэхэм, зэкъошныгъэм ыкІуачІэ афэусагъ Сэфэр щэІэфэ. Граждан заом илъэхъан хьылъэ инэкІубгъоу «Комиссар», Хэгъэгу зэошхом илІыхъужь сатырхэу «Хъусэп», «Путь солдата», блэкІыгъэ заом имэшІо дыгъэ джырэ тимафэхэми тцыгъупшэ зэрамыхъущтым игупшысэ-гумэкІ къызыІотыкІырэ «Земля» зыфиІорэ поэмэхэр ыкІи нэмыкІырэ эпическэ усэхэри Сэфэр икъоджэмыдэ къучІэкІыгъэх.

Тищылакіэ нахь дахэ, нахь бай зэрохъуным, «тизэкъошІ блэгъэныгъэ, тидунай мамырныгъэ» нахь зэригъэпытэнхэм поэтым иусэ бзэкІэхэр зэпыкІоу фигузэгъэщІагъэх, шІоигъоныгъэ кІуачІэ къызэрихьыкІэ а Іофыгъошхохэм поэтыр ахэлажьэщтыгъэ...

Яхъулія Сэфэр итворчествэ анахь чІыпІэшхо щызыубытыгъ, игугъэкІэ зэрэбэри ары къодыеп, ядэгъугъэкІи яшІыкІэшІуагъэкІи ары нахь, поэтым итворчествэ нанэ къэзыгъэлъагъоу, адыгэ литературэм Яхъулія хэзыгъэхьытыхагъэр норэдхэр арых.

Орэдыр хэтрэ цІыфи, сыд къулыкъу ерэшІ, сыд сэнэхьат хэлъми, сыд Іэнатіэ Іорэт фаеми, ящыкІагъ. Зыщыгэфырэми, зыщынэшхъэйрэми. Орэдым цІыфым игушІуагъо нахь ины ешІы, гухэкІ ІэмэпсымэкІэ — шІу къелэты. Орэдым цІыфым шІу етъэфыбэ, шІоу хэлъыр къегъэущы, нахьышІум фещэ... Джа гушхьэ гъомылэр Сэфэр иусэ зэтекІхэм ахэлъ. Гешіэ къэс нахь зэлъашІэзэу, ауасэ, акІуачІэ зэрэхэлъыр сэлыгъэ.